# TALABANIN ESTETIKALIQ ISKERLIGIN JETILISTIRIW JOLLARI

**Abdimuratova N.P.**
*Qaraqalpaq mamleketlik unidersiteti*

**Tayanch so'zlar:** axloq, madaniyat, nafosat, psixologia milliy qadriat, xulq-atvor, komil inson, shaxs.
**Ключевые слова:** нравственность, эстетика, национальные ценности, воспитание, личность, деятельность, самопознание, ценностная ориентация.
**Key-words:** morality, esthetics, national value, education, a person, activity, self-conscious, valuable orientation.

**РЕЗЮМЕ:**
Maqolada talaba-uquvchilarni manaviy axloqiy tarbiyalashnin mohiyati haqida suz bulib, insonni ijtimjiy qadriyat sifatida urganish, fjdodlariviz merosini boyitish va rivojlantirish yullari tadqiq qilinadi.
**РЕЗЮМЕ:**
В статье рассматриваются нравственное и эстетическое воспитание личности, изучение личности как социальной ценности, обогащение и развитие нравственного наследия предков.
**SUMMARY:**
The article deals the esthetic and moral education of a person, the study of a person as the social wealth, developing and enlarging moral value of ancestors.

Búgingi zaman adamı hámme waqıt gozzallıqqa umtıladı, olardıń gozzallıq idealları turmısta júdá hár qıylı waqıyalar, hádiyseler, qarım-qatnaslar tiykarında kórinedi.Estetikalıq tárbiya keń mániske iye bolıp, jeke adamdı tábiyat hám jámiyettegi gózzallıqlardı ideal tárepten qabıl etiwge úyretedi. Sonday-aq, estetikalıq iskerlikke, waqıyalıqtı gózzallıq nızam qaǵıydaları tiykarında ózgertiwge qábiletli shaxstı tárbiyalaydı.

Estetikalıq iskerlikti jetilistiriw bul jeke adamnıń estetikalıq sanalılıǵı, qarım-qatnası hám estetikalıq iskerliktiń júzege keliwi bolıp, bul uzaq dawam etetuǵın process. Bul process jas hám social faktorlar menen belgilenetuǵın túrli basqısh hámde dárejelerge iye. Estetikalıq tárbiya jeke adamnıń jámiyetlik estetikalıq

mádeniyatın iyelep alıwǵa baylanıslı bolıp, túrli jollar hám formalar járdeminde ámelge asırıladı.

Jámiyette ayrım jeke adamnıń estetikalıq mádeniyat túsinikleri bar. Jámiyettiń estetikalıq mádeniyatı degende insaniyat pútkil rawajlanıw tariyxı processinde toplanǵan materiallıq hám ruwxıy qádiriyatları túsiniledi. Oqıwshı shaxstıń estetikalıq mádeniyatı jámiyet mádeniy miyrasın belsendi dóretiwi, ózlestiriwi nátiyjesinde payda boladı. Jeke adamnıń gózzalıq penen óz-ara qatnası, sonday-aq jeke adamnıń ayrım sıpatlarınıń óz-ara tásiri nátiyjesinde estetikalıq mádeniyatı hámme waqıt ózgerip turadı. Jeke adamda estetikalıq mádeniyattıń tiykarǵı quramı bul estetikalıq sana, mútájlikler, qatnaslar hám estetikalıq iskerlikler. Estetikalıq mádeniyattıń bul tiykarǵı bólimleri ózine tán quramalı dúziliske iye. Estetikalıq sana, estetikalıq qábilet, bilim, sáwbetlesiw, básekelesiw, esetetikalıq idealdı qamtıp aladı. Estetikalıq mútájlikler qatnasıqlar bolsa, eń aldın shaxstıń estetikalıq qızıǵıwları, qáleȳi, estetikalıq oy-tuyǵılarında kórinedi.

Estetikalıq sana, jámiyetlik waqıyalar, tábiyat, mádeniyat penen qatnas processinde teoriya, qaraslar, kórkem óner, tálim tárbiya nátiyjesinde sáwlelenedi. Estetikalıq qábilet - bul átirap waqıyalıqtaǵı zatlar, hádiyselerdiń estetikalıq mánisin barlıq quramlıq bólimleri menen birgelikte júz beriwi, yaǵnıy qabıl etilgen zatlardı shaxsta payda bolǵan sezim hám aqılıy nárselerge salıstırıw processi. Estetikalıq qábilet gózzalıq penen ushırasqanda júzege keledi hám anıq maqsetke qaratılǵanlıǵı menen usınıladı. Tolıq estetikalıq qábilet túsinikleri hám estetikalıq qatnaslardı formalandırıw menen birgelikte júz beredi.

Estetikalıq qatnas- jeke admnıń anıq bir estetikalıq hádiyse qatnasıǵın bildiretuǵın aqılıy háreketinde túsindiriledi. Jeke adamnıń estetikalıq qatnası tereńligi, jetiliskeni, quramalıǵı, joqarı yamasa pásligi menen ajıralıp turadı. Estetikalıq qatnas dárejesi jeke adamnıń minez-qulqı hám bilim dárejesine, estetikalıq tájriybesine baylanıslı. Jeke adamnıń hádise yamasa waqıyaǵa estetikalıq qaǵıydalar, ideyalar tiykarında bergen bahası estetika delinedi. Estetikalıq baha beriwde jeke adamnıń sociallıq jasaw jaǵdayı dizimi, sociallıq kelip shıǵıwı anıq kózge taslanadı, sebebi gózzallıq hám kóriksizlik, shıraylılıq yamasa shıraylı emes usaǵan kategoriyalar túrli social dizimde túrlishe bahalanıp kelingen.

Estetikalıq ideal- bul jeke adamnıń tábiyat, jámiyet hám sanattaǵı maqset tárizindegi qabıl etetuǵın, jetilisken gózzallıq barısındaǵı bahasınıń júz beriwi. Estetikalıq idealdıń ayrıqsha belgisi shaxstıń dún`ya-qarası qásiyetine kóre anıqlanadı.

Estetikalıq mútájlik dep, jeke adamnıń waqıyalıqtı estetikalıq tárepten bilip alıwǵa iytermelewshi sub`ektiv faktorlarǵa aytıladı. Estetikalıq mútájlikler estetikalıq axboratqa qızıǵıwdı kúsheyttiredi. Estetikalıq qızıǵıw- jeke adamdı

estetikalıq iskerlikke, waqıyalıqqa hám sanaat shıǵarmaların estetikalıq tárepten ózlestiriwge kirisiwde kórinedi.

Estetikalıq qızıǵıwdıń tiykarǵı belgisi oqıwshıda estetikalıq iskerlikke umtılıwı, ózi jaqtırǵan sanaat shıǵarmaların jıynap toplap barıwı, qayta-qayta oqıp qabıl etiwi, usı shıǵarmalar haqqında pikir bildiriwge umtılıwı, basqalardıń usı máselege tiyisli pikirin biliwine qızıǵıwı, kórkemóner, janr, baǵdarları usaǵan ayrıqsha júz beriwshi tańlaw túrleri menen táriyplenedi. Máselen, oqıwshılar ózlerin qızıqtırǵan kórkemóner ustasınıń súwretlerin, shıǵarmaların toplaydı, qayta-qayta oqıp shıǵadı.

Oqıwshılarda estetikalıq qızıǵıwdıń keńligi, tereńligi, yaki turaqlılıǵı menen ajıralıp turadı. Bul olardıń aktivlik dárejelerinde hám qorshaǵan ortalıqqa estetikalıq qatnaslarında anıq kórinedi. Oqıwshıdaǵı estetikalıq qızıǵıw dárejesi pedagogikalıq tásiri nátiyjesinde joqarıǵa kóteriliwi yamasa tómenlewi de múmkin. Estetikalıq qızıǵıwlar oqıwshıda estetikalıq mútájlik tuwılıwına sebepshi boladı.

Estetikalıq kelbet – jeke adamda onıń jeke hám sociallıq qásiyetleriniń qosılıwı nátiyjesinde payda bolatuǵın quramalı hádiyse. Biraq jeke adamda sociallıq qatnaslar bolǵanlıǵı ushın, ol estetikalıq bahalaw kriteriyası bolıp xızmet qılıwshı sub`ektiv hám ob`ektiv normalardı ózinde birlestiredi. Estetikalıq kelbet - ob`ektiv estetikalıq ólshewi, gózzallıq hám kóriksizlikke, kóterińkilik hám kewil keypiyatqa baha beriwde sub`ektiv iyelegenlikte kórinedi. Baha - buyım yamasa hádiyseniń estetikalıq mánisin iyelew processine tiyisli. Kelbet bolsa shaxstıń buyım yamasa hádiysege karaǵanda estetikalıq qatnas bildiriw túrinde kórinedi. Estetikalıq kórinis estetikalıq xabarlar aǵımı, estetikalıq hám tártip normalar jıyındısı arqalı júzege shıǵadı hám jeke adamǵa estetikalıq baha beriwde anıq kórinedi. Estetikalıq kórinis talabada qansha joqarı bolsa onıń zatqa, buyımǵa estetikalıq baha beriw qásiyeti hám sonshalıq joqarı boladı. Sebebi estetikalıq kórik estetikalıq baha beriw qásiyetine tásir etedi.

Talabanıń estetikalıq qálbi birligi onı estetikalıq bolıwǵa, óz iskerligin payda qılıwǵa tayarlaydı. Jeke adam áste-aqırın átirap-dógerekke gózzalllıq nızamları tiykarında ózgerttiriwge, gózzallıq jaratıwǵa háreket qıladı. Sebebi insan gózzallıqtı tek ǵana kórip qoymaydı, bálki onı jaratadı. Estetikalıq tárepten tárbiyalanǵan adam ómirdi gózzal qılıwǵa umtıladı, estetikalıq tárepten aktiv boladı. Shaxstıń estetikalıq iskerligi ómirinde gózzallıq jaratıwda iyelegen estetikalıq kónikpelerinde: sulıw, qolaysız kiyiniwinde, mádeniy qarım-qatnasında, ózin tuta biliwde, shańaraq hám jumıs ornında estetikalıq ortalıǵın jaratıwda júz beredi.

“Estetikalıq tarbiya” menen bir qatarda “kórkemlik tárbiya” túsinigi bar. Kórkem tarbiya dep jeke adam sanasınıń kórkemlik úskeneleri járdeminde rawajlandırıwǵa, jeke sanaatı málim túrinde qatnasıp dóretiӯshilik iskerligi ushın zárúr bolǵan kórkem qábiletlerin jetilistiriӯge aytıladı. Kórkem óner túrli estetikalıq kategoriyalar menen

jeke adam estetikalıq sezimine tásir etedi hám onı mádeniy iskerliktiń hár qıylı túrleri menen tanıstıradı.

Ulıwma alǵanda estetikalıq tárbiya wazıypalarınıń orınlanıwı talabalarda baslamashılıqk, dóretiўshilik, aldınnan kóre biliw, umtılıwshılıq, arzıў-úmit qusaǵan pazıyletlerin qáliplestiredi.

Estetikalıq tárbiya mazmunı. Estetikalıq tárbiya oqıўshılarda estetikalıq bilim, kónikpe hám uqıpların qáliplestiriw hámde estetikalıq oy-sezim, qızıǵıw, zárúrlik, baha beriw usı usaǵan kóinislerdi tárbiyalaw máselesin óz ishine aladı. Oqıўshılardıń gózzallıq haqqındaǵı bilimleri ómirdegi waqıyalar, buyımlar, olardıń ráńbá-ráńligi, túrlerdi hámde iskusstvo shıǵarmaların estetikalıq ózlestiriwi processinde payda boladı. Oqıўshılar átirap-dógerekke, ómir, tábiyat kórinisleri hám hár qıylı janrdaǵı kórkem shıǵarmaları: grafika, reń, háykelshilik, ámeliy mádeniyat, ádebiyat, mızıka shıǵarmaları menen tanısıp baradı, usı menen bir qatarda bilimlerin ózlestirip aladı. Oqıwshılar gózzallıq hám pataslıq, kóterińkilik hám qáwip-qater, isenimsizlik hám qorqınısh basqıshların ańlap jetiwleri, estetikalıq uqıp hám kónlikpelerinen ómirde paydalana alıwǵa úyreniwleri lazım.

Oqıwshılar tiykarǵı estetikalıq kategoriya-gózzallıq tuwrısındaǵı bilimlerin ózlerin orap turǵan dógerek átirapındaǵı turmıs nárseleri: kiyim-kenshek, oyınshıqlar, shańaraq aǵzalarınıń óz-ara mádeniy qatnasları, tazalanǵan háwli, gúlzar, ádebiy shıǵarmaları: muzıka, qosıq, sulıw súwretler iyeleydi. Gózzallıq tuwrısındaǵı bilim hám túsiniklerinen oqıwshılar óz qattı háreketlerin, adamlar iskerligin hám tábiyat hádiyselerinen bahalawda paydalanadı.

Pedagogikalıq processte oqıtıwshılar mádeniyat haqqındaǵı bilimlerin beriw menen birge olardıń estetikalıq sezimin bir jerge toplaydı hámde mazmunlı estetikalıq sáwbet júritiwge úyretedi. Oqıwshılar estetikalıq tárbiya processinde estetikalıq uqıp hám kónlikpelerin de iyelewleri lazım. Muzıka iskerligine qaraslı atqarıўshılıq, qosıq aytıw, muzıka áspabların shertiw usaǵanlardı iyelep alıwları kózde tutıladı. Olar kórkem iskerlikke tiyisli kórkem shıǵarmalardı dıqqat penen gúzete biliw, olardıń mazmunı hám túsindiriw usılları, yaǵnıy kompoziciya kolorit usı usaǵanlardı analiz qılıw, janrlardı bir-birinen parqlaw uqıplılıqların iyeleydi.

Muzıka hám suwret sabaqlarında pedagogikalıq bilimlendiriў oqıwshılardan óz-betinshe izleniw, dóretiwshilikke tiyisli kónlikpelerdi rawajlandıradı. Oqıwshılarda dóretiwshilik uqıplılıqlarınıń payda bolıwı olardıń qızıǵıwı, qábileti, dóretiўshilik qatnası, háreket usılları hám dóretiўshilik isleri sıpatına kóre anıqlawı múmkin.

Estetikalıq tárbiya beriw usılları.Estetikalıq tárbiya usılları - oqıwshılardıń estetikalıq rawajlanıwların támiynlew maqsetinde dógerek-átiraptan tańlap alınǵan turmıs, tábiyat mádeniyat estetikası hám balalardıń kórkem iskerligi, tálim processi esaplanadı.

Shańaraq gózzallıqtıń birinshi mektep aǵzalarınıń óz-ara qatnasları, úy buyımları, usı nárselerdiń jalǵız birligi, uyǵınlıǵı, tártipli jayǵastırılıwı, tazalıq, tártiplilik, mekteptiń bezetiliwi, mekteptegi estelik hám onıń saqlanıў, mekteptiń bezetiliwi, mekteptegi belsendilar múyeshi usaǵanlardıń barlıǵı tuўırıdan-tuўırı balalar estetikasına tásir etedi. Turmıs estetikasınıń tiykarın tazalıqtı saqlaw, tábiyat múyeshin payda etiw, oqıwshılar kórkem isler kórgizbesi, belsendiler, alıńǵılar taxtası doskasınıń jańalanıp turıwı ayrıqsha áhmiyetke iye.

Tábiyat eń ayrıqsha estetikalıq tárbiya quralı. Tábiyat túrlishe estetikalıq keshirmelerdiń tiykarı bolıp, bul tiykar tábiyattan tásirleniwge onı kóre biliwge, esite alıw qábiletine baylanıslı. Oqıwshılardıń tábiyat qoynına ekskursiyaların dıqqatın tábiyat gózzallıǵına qaratıw imkanın beredi. Oqıwshılar jıldıń  tórt máwsiminen tábiyat ózine  tán reń alıwın, ózgeriwin bilip aladı, olarda tábiyat hádiyselerine qızıǵıw kúsheyedi hám olar tábiyattı asırap-abaylaw kerekligin tereń ańlap jetedi. Oqıwshılar tábiyattanıw sabaqlarında tek ǵana tábiyiy bilimlerin ózlestirip qoymay, bálkim tábiyatta gózzallıqtı jaratıwdı ámelde qollanıp kóredi. Mektep háwlisin kóklemzarlastırıw, gúlzar jaratıw, nál egiw hám usı usaǵan shólkemler, balalar qálbine kúshli tásir etedi hám estetikalıq kónikpe uqıplılıqların payda etedi.

Kórkem óner túrleri tiykarǵı tárbiya usıllarınıń biri. Kórkem ónerdiń hár qıylı kórinisleri hám janrları járdeminde oqıwshılardıń reń, qálem  haqqındaǵı bilimleri, músinshilikke tiyisli kónikpe hám uqıpların, kórkem qábiletleri qáliplesedi. Súwret sabaqları reń, ámeliy arxetektura sanaatı, ózbek hám shet el kórkem óner ustalarınıń dóretiwshileri, shıǵarmaları menen tanıstıradı. Oqıwshılarda súwret uqıplılıǵın tárbiyalaydı.

Estetikalıq tárbiya beriwde qosıq hám muzıkanıń roli úlken. Muzıka hám qosıq oqıwshılardıń mzıkalıq qábiletin, muzıkalıq eslew, qábiletin ósiredi.  Oqıwshılarǵa muzıkadan teoriyalıq maǵlıwmat beriledi. Olar notalar, túrli dáwirdegi muzıka ásbapları, muzıkalıq dóretiwshilik, aǵımlar, janrlar menen tanısadı. Balalar birgelikte qosıq aytıwǵa, oyıńga túsiwge úyrenedi, xalıq kalassik muzıkaları, qosıq jaratıwǵa háreke qıladı.

**Ádebiyatlar:**

1. Saadiy SHeraziy.	Gozzallıq bostanı. N. Bilim-1991.
2. Alimardanova A., Nazarov Q. Ómir hám turmıs ádebi. N.Bilim-1999.
3. Mahkamov U.M. Axloq-odob saboqlari. T.1994.
4. Muxammad Sodiq Muhammad Yusuf. Imon. T.1992.
5. Jaloliddin Rumiy. Radiy Fish. T.1986.
6. Suxomlinskiy V.A. Tarbiya haqida. T.1977.
7. Bazarbaev J.Dawletova Q. Ádepnama. N.1996.
8. Abdimuratov P. Qaraqalpaq xalqınıń úrp-ádet, dástúrleri hám onıń jaslar tárbiyasındaǵı áhmiyeti. N. Bilim-1996.